

## BAB V

### KACINDEKAN, IMPLIKASI, JEUNG SARAN

#### 5.1 Kacindekan

Rumpaka lagu pop Sunda karya Doel Sumbang anu ditalungtik aya salapan lagu. Éta salapan lagu téh dianalaisis kana pamarekan struktur sajak dumasar kana konsép Abdullah Mustappa nu ngawengku: (1) imaji; (2) simbol; (3) musicalitas atawa wirahma; (4) suasana; (5) téma; jeung (6) gaya. Salian ti ulikan struktur, ieu rumpaka ditalungtik ogé ngeunaan ajén sosialna dummasar kana konsép Notonegoro nu ngawengku: (1) ajén bebeneran; (2) ajén kaéndahan; (3) ajén moral; jeung (4) ajén kaagamaan.

Imaji nu nyangkaruk dina rumpaka lagu pop Sunda karya Doel Sumbang nya éta imaji panénjo aya dua puluh lima, imaji pangrungu aya dua belas, jeung imaji pangrasa aya dua puluh salapan. Jadi imaji anu nyangkaruk lolobana nya éta imaji pangrasa. Simbol anu nyangkuruk nya éta aya dua puluh genep. Musicalitas atawa wirahma nu nyangkaruk lolobana nya éta parondok, jeung témpona gancang. Suasana nu nyangkaruk lolobana ngagambarkeun suasana sedih jeung prihatin. Téma anu nyangkaruk lolobana ngeunaan kritik sosial ka pajabat, polisi, jalma beunghar, jeung nonoman salaku panerus bangsa. Gaya basa anu nyangkaruk dina ieu lagu aya tujuh, nya éta gaya basa mijalma (*personifikasi*), gaya basa ngupamakeun (*simile*), gaya basa rarahulan (*hiperbola*), gaya basa mindoan (*répétisi*), gaya basa silib-sindir (*alégorie*), gaya basa rautan (*eufisme*), jeung gaya basa kadalon (*pléonasme*), anu lolobana nyangkaruk nya éta gaya basa ngupamakeun (*simile*), jeung gaya basa rarahulan (*hiperbola*).

Ajén sosial nu nyangkaruk aya salapan ajén bebeneran, tilu ajén kaéndahan, sapuluh ajén moral, jeung opat ajén kaagamaan. Jadi, ajén sosial nu lolobana nyangkaruk dina salapan rumpaka lagu pop Sunda karya Doel Sumbang nu ditalungtik nya éta ajén moral.

#### 5.2 Implikasi

Panalungtikan kajian struktur jeung ajén sosial kana rumpaka lagu pop Sunda karya Doel Sumbang teu ngan saukur nalungtik rumpaka salaku téks sastra, tapi ngajén ogé ngeunaan polah manusa dina éta rumpaka. Salah sahiji mangpaat ieu panalungtikan nya éta salaku gambaran umum pikeun nu maca ngeunaan struktur sarta ajén sosial nu nyangkaruk dina rumpaka lagu pop Sunda karya Doel Sumbang, sarta dipiharep bisa leuwih nyadarkeun masarakat kana ajén sosial nu lumaku di masarakat, nu antukna masarakat bisa leuwih ngajajaga tur maham ajén sosialna.

### **5.3 Saran**

Sabada ngalaksanakeun ieu panalungtikan, aya sababaraha saran anu ditepikeun ku panalungtik. Di antarana saperti ieu di handap.

- 1) Hasil panalungtikan bisa ngeuyeuban pangaweruh jeung wawasan pikeun nu maca, sangkan ajén sosial anu kapanggih bisa dijadikeun pieunteungeun tina hadé gorengna sikep jalma saperti nu dicaritakeun dina eusi ieu rumpaka.
- 2) Perlu diayakeun deui panalungtikan ngeunaan ieu rumpaka lagu pop Sunda karya Doel Sumbang ku ambahan anu leuwih lega.
- 3) Dijadikeun référénsi pikeun panalungtik séjén nu rék ngaguar ngeunaan kajian struktur jeung ajén sosial.